

KONEKSYON

Yon Bilten pou Paran Lekòl Leta Miami-Dade County

OU VLE ALE NAN KOLÈJ? FWA KOLÈJ NASYONAL LA AP VIN MIAMI, 9 FEVRIYE POU SENKYÈM FWA

Reprezantan prèske 200 kolèj ak inivèsite ap nan Fwa Kolèj Nasional 2014 la nan Miami, midi pou 4è nan aprèmidi, dimanch 9 fevriye, nan Doubletree Miami Mart Hotel & Convention Center, 777 N.W. 72 Ave.

Fwa gratis la ap pèmèt elèv, paran ak lòt manm nan publik la rankontre avèk reprezantan kolèj yo e jwenn repons pou kesyon yo. Yo pral ofri sesyon enfòmasyon gratis sou èd finansyè, planifikasyon ak admision, egzamen yo mande pou antre nan kolèj. Yo ap prezante sesyon yo chwazi ann Espayòl e an Kreyòl. Konseye ak sant òdinatè pral pèmèt elèv yo jwenn aksè sou sondaj karyè ki enterese yo ak enfòmasyon sou preparasyon pou kolèj, admision ak bousetid.

Mande enfòmasyon nan plizyè kolèj oubyen inivèsite nan Fwa Kolèj la pral pi fasil ane sa a ankò pou elèv. Lè elèv enskri davans kounye a, yo ka enprime yon konfirmasyon ki kode ak ba kòm yon identifikasiyon elektwonik e yo pap bezwen ranpli kat enfòmasyon. Elèv ak fanmi yo ka enskri davans nan www.gotomyncf.com.

Se "The National Association for College Admission Counseling (NACAC)" ak Lekòl Leta Miami-Dade County ki patwone evènman an. Chèmann Komisyon Konsèy Perla Tabares Hantman se ko-chèmann komite lokal Fwa Kolèj Nasional la.

Chak ane NACAC patwone fwa nan plis pase 50 vil atravè peyi a ki atire plis pase 650,000 elèv ak paran. Pou plis enfòmasyon, kontakte liy telefòn Fwa Kolèj la nan 305-995-1739 oubyen vizite [www.nacacnet.org](http://nacacnet.org).

SIPÈNTANDAN CARVALHO SE YON FINALIS POU MEYÈ SIPÈNTANDAN NASYONAL POU ANE A

"School Superintendents Association (AASA)" (Asosyasyon Sipèntandan Lekòl) te nonmen Sipèntandan Lekòl Leta Miami-Dade County Alberto M. Carvalho kòm youn nan kat finalis pou prim prestijye Meyè Sipèntandan Nasional pou Ane a.

Yo te rekonèt Carvalho pou pwogrè remakab nan akonplisman elèv. Yo klase Miami-Dade pami distri lekòl ki gen pi gwo akonplisman nasionalman nan lekti ak matematik pou elèv nan 4yèm ak 8yèm ane eskolè sou Evalyasyon Nasional pou Pwogrè nan Edikasyon. To gradyasyon an ogmante a 77.2 poustan; ki depase eta a nan toude, to devlopman ak total gradyasyon. Yo te plase distri lekòl la sou 4yèm Lis Anyèl Onorifik "AP®" (Kou Plasman Avanse) Distri a paske li ogmante travay kou AP® pandan li ap kenbe e ogmante anmenmtan pousantaj elèv ki resevwa nòt 3 oubyen pi wo nan egzamen AP yo.

Yo ap anonsé Meyè Sipèntandan Nasional pou Ane 2014 la, pandan Konferans Nasional AASA sou Edikasyon, ki ap fèt 13-15 fevriye 2014, nan Nashville, Tenn.

ELÈV LEKÒL LETA MIAMI-DADE DEPASE PÈFÒMANS ELÈV NAN GRAN DISTRI YO NAN LEKTI, MATEMATIK

Yon fwa ankò, malgre rediksyon nan resous ekonomik ki disponib pou Distri a ak elèv nou ak fanmi yo elèv "Miami-Dade County Public Schools (M-DCPS)" (Lekòl Leta Miami-Dade County) kontinye ap resevwa nòt ki depase kondisip yo nan plizyè nan pi gwo distri Ozetazini, ki gen ladan New York City, Chicago, Los Angeles, Boston, Washington, ak Dallas.

Siksè elèv yo plase Miami-Dade pami distri lekòl ki fè pi gwo siksè nasionalman nan 4yèm ak 8yèm ane eskolè nan matematik ak lekti nan Evalyasyon Nasional pou Pwogrè Edikasyonèl, yo administre bay elèv ki ale nan 21 gwo distri lekòl Iben. Ane sa a M-DCPS pou yon twazyèm ane patisipe nan pwogram "Trial Urban District Assessment (TUDA)" (Esè Evalyasyon Distri Iben), ki konpare siksè elèv yo nan gwo distri iben yo ki konfwonte menm defi tankou povrete e popilasyon ki nan gwo risk.

Gran liy rezulta yo gen ladan:

- Pou twazyèm ane administrasyon konsekitif, M-DCPS kontinye pou yo nan ran kad wo konparatif ak lòt distri "TUDA" nan toude Matematik ak Lekti, nòt ki depase plizyè gwo distri lekòl nan peyi a.
- Elèv 4yèm ane M-DCPS yo eksele nan evalyasyon NAEP 2012 la kote pèfòmans yo depase kondisip yo nan lekòl nan gran vil atravè peyi a nan toude Lekti ak Matematik.
- Toude elèv Ispanik ak Nwa M-DCPS yo pèfòme remakabman byen an konparezon ak kondisip yo nan tout peyi a.
- Elèv katriyèm ane ki elijib pou pwogram Manje Gratis oubyen nan Pri Redui nan M-DCPS resevwa nòt eksepsyonèlman pi wo pase kondisip yo nan lekòl leta nan tout peyi a e nan gran vil yo nan toude, Lekti ak Matematik.

PWOCHEN REYINYON KOMISYON KONSÈY LEKÒL

12 fevriye	11:00 dimaten	Reyinyon Regilye
12 mas	11:00 dimaten	Reyinyon Regilye
9 avril	9:00 dimaten	Sesyon Konferans: Zòn Prezans pou 2014-2015
	11:00 dimaten	Reyinyon Regilye

DAT POU NOU SONJE

- 7 fevriye - Jou pou Pwofesè Fè Planifikasyon
17 fevriye - Fèt Tout Prezidan (All Presidents Day)
21 mas - Jou pou Pwofesè Fè Planifikasyon
24-28 mas - Konje Prentan

LEKÒL SEGONDÈ MIAMI-DADE RESEVWA NÒT PÈFÒMANS LEKÒL EKSELAN

Resamman, Sipèntandan Alberto M. Carvalho anonse M-DCPS depase pouvantaj eta a nan pouvantaj lekòl segondè ki resevwa yon nòt pèfòmans lekòl "A." Carvalho te fè anons la nan Lekòl Segondè Miami Northwestern, ki te resevwa premye nòt pèfòmans "A" li te janm genyen.

Pami akonplisman Distri a:

- 60 pouyan lekòl segondè M-DCPS (34 lekòl) resevwa yon "A". Mwayèn Florid la se 48 pouyan.
- M-DCPS depase pèfòmanse eta a nan pouvantaj lekòl segondè "A" ak "B".
- 86 pouyan lekòl segondè M-DCPS (49 lekòl) resevwa swa yon "A" oubyen "B".
- 95 pouyan lekòl segondè M-DCPS resevwa yon nòt pèfòmans lekòl "C" oubyen plis.
- Pou twazyèm ane lekòl konsekitif, M-DCPS pa genyen okenn lekòl segondè "F".

Pandan sesyon lejislatif 2008 la, Pwojè Lwa Sena 1908 te chanje anpil fason yo te bay lekòl segondè yo nòt kòmanse avèk ane lekòl 2009-2010 la. Pwojè lwa a te mande pou nòt lekòl segondè gen ladan mezi altènatif akonplisman elèv anplis fondasyon vital rezulta "Florida Comprehensive Assessment Test (FCAT)" (Egzamen Evalyasyon Konpreyansif Florid) nan 9yèm, 10yèm, ak 11yèm Ane Eskolè. Mezi adisyonèl yo te ofri yon konsantrasyon egal sou preparasyon kolèj, aksè pou e pèfòmans nan travay kou akselere, ak nivo gradyasyon pou tout elèv e pou sa ki andanje akademikman yo.

SENK LIDÈ LEKÒL M-DCPS PAMI DIREKTÈ ELIT FLORID

Resamman, Sant "Florida TaxWatch" pou Pèfòmans Edikasyonèl e Responsablite ak "Learning Systems Institute (LSI)" (Enstiti Sistèm pou Aprann) nan Invèsite Eta Florid anonse senk direktè M-DCPS pamis sis premye direktè nan lekòl segondè Florid ki nan gwo danje. Yo ap onore direktè yo kòm moun ki resevwa Prim inogiral "Elite Principals" (Direktè Elit) "Florida TaxWatch" la. Yo te chwazi direktè yo baze sou analiz pwogrè elèv yo akonpli nan lekti ak matematik nan lekòl segondè ki nan gwo danje.

Senk lidè lekòl M-DCPS ki te sèvi kòm direktè pandan peryòd analiz la gen ladan: Tangela Goa, Lekòl Elemantè Van E. Blanton; Dtè. Linda Amica-Roberts, Akademi K-8 Coconut Palm; Anna Hernandez, Sant K-8 M.A. Milam; Guillermo Muñoz, Lekòl Segondè Westland Hialeah, ak Dtè. Verena Cabrera, Lekòl Segondè Hialeah. Twa nan lekòl yo gen nouvo direktè ane sa a: Dtè. Carmen Jones-Carey, Akademi K-8 Coconut Palm; Giovanna M. Blanco, Lekòl Segondè Westland Hialeah, ak Heriberto Sanchez, Lekòl Segondè Hialeah.

Pou elijib pou Prim Direktè Elit la, kandida yo dwe nan lekòl yo pou yon minimòm twazan pou asire règ yo te fè efè. Yo te analize done ki soti nan Depatman Edikasyon pou detèmine direktè ki genyen yo. Yo ap enkòpore direktè yo nan yon etid pwolonje pou senkan Enstiti Sistèm pou Aprann nan ap fè pou idantifye wòl yon direktè nan rekrite, kenbe e devlope pwofesè k ekselan. Prim Direktè Elit la se sèl onè Florid yo bay moun ki depase atant nan pwogrè aprantisaj elèv ki andanje nan lekòl segondè ki nan gwo danje.

DISTRI LEKÒL LA BAY GIDANS POU PARAN KI AP ACHTE APARÈY ELEKTWONIK

Nan yon efò pou ede paran jwenn chemen yo atravè plizyè milye aparèy elektwonik ki disponib pou pitit yo, M-DCPS lanse yon nouvo sit Entènèt--<http://wifi.dadeschools.net/>--ki idantifye aparèy elèv ka itilize nan klas pandan distri a ap eksperimente yon transfòmasyon dijital.

Youn nan pyès ki pi kritik Bon "General Obligation (GO)" (Obligasyon Jeneral) \$1.2 milya M-DCPS la se te devlope yon enfrikstrikti teknoloji deyò lekòl la pou sipòte pwogram efikas "Bring Your Own Device (BYOD)" (Pote Pwòp Aparèy Ou). Pou sipòte inisyativ BYOD a, Distri a te enstale kanpous teknoloji sanfil atravè 245 lekòl e li te prepare 70 nan lekòl sa yo pou BYOD. Baze sou efò sa a, yo ap mete enstalasyon elektwonik pou BYOD nan tout lekòl vè fen mwa mas 2014 e tout lekòl ap gen kapasite BYOD vè septanm 2014.

Yon eleman enpòtan nan inisyativ BYOD a se kominike avèk efikasite ak elèv, paran, anplwaye enstriksyonèl ak vizitè responsablite yo lè y ap sèvi ak rezo sanfil Distri a. Pou asire tout gwoup sa yo konnen responsablite yo e pou reponn lòt kesyon sou BYOD, Distri a kreye yon paj Entènèt sou sit Entènèt Distri a yo rele Bring Your Own Device–Wi-Fi Access. Sit Entènèt sa a ofri:

- Enfòmasyon ki gen rapò ak kalite aparèy yo sipòte
- Minimòm espesifikasiyon yo rekòmande pou aparèy pèsònèl ta dwe genyen pou yo ka gen aksè ak pwogram komen e aplikasyon nesesè pou bezwen enstriksyonèl yo
- Yon lis lekòl ki ap patisipe kounye a, avèk kondisyon koneksyon sanfil yo, ki ap kontinye resevwa amelyorasyon pandan yo ap fini lekòl yo
- Repons pou kesyon jeneral elèv, paran, ak pwofesè sou kòman pwogram BYOD a pral fonksyone e kisa yo dwe atann
- Machasuv jeneral elèv ak vizitè dwe konnen pou jwenn aksè e pou yo suiv lè y ap sèvi ak rezo sanfil Distri a

Komisyón Konsèy Lekòl Miami-Dade County, Florid

Madan Perla Tabares Hantman, Chèmann

Doktè Lawrence S. Feldman, Vis Chèmann

Doktè Dorothy Bendross-Mindingall

Susie V. Castillo

Carlos L. Curbelo

Doktè Wilbert "Tee" Holloway

Doktè Martin Karp

Doktè Marta Pérez

Raquel A. Regalado

Alberto M. Carvalho

Sipèntandan Lekòl yo

Krisna Maddy

Konseye Elèv nan Komisyón Konsèy Lekòl la

Se Biwo Relasyon Piblik ki Pwodui Bilten sa a

John Schuster

Direktè Administratif

